



Pou Piblikasyon Imedya: 03/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ENVESTISMAN AK INISYATIV ISTORIK NAN BIDJÈ ANE FISKAL 2024 LA POU DIMINYE VYOLANS AK ZAM, AMELYORE SISTÈM JISTIS PENAL LA, EPI KREYE YON ETA NEW YORK KI PI AN SEKIRITE**

*Enkli 772 milyon dola pou abòde vyolans ak zam, diminye residivis, epi sipòte sistèm jistis kriminèl la nan rekiperasyon apre pandemi an*

*Bay jij yo plis diskresyon pou fikse yon kosyon pou krim grav*

*347 milyon dola pou inisyativ prevansyon vyolans ak zam ki fonde sou prèv*

*170 milyon dola pou sipòte aplikasyon Refòm Ankèt pou Pwokirè ak Defansè yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gran pwen sou sekirite piblik nan Bidjè Ane Fiskal 2024 la. Bidjè a amelyore sekirite piblik la lè li bay jij yo plis diskresyon pou fikse kosyon pou krim grav yo, k ap bay 170 milyon dola pou sipòte aplikasyon refòm dekouvèt la pou pwokirè ak defansè yo, epi investi 347 milyon dola nan inisyativ prevansyon vyolans ak zam ki fonde sou prèv. Pwen adisyonèl yo se investisman ki pote transfòmasyon pou diminye residivis, abòde sikilasyon fentanil mòtèl nan Eta New York, epi amelyore sèvis repons ijans yo nan tout Eta a. Majistra Vil New York la Eric Adams, te rejwenn Gouvènè Hochul, pwokirè distri a ak lòt lidè nan sekirite piblik ak jistis kriminèl nan anons jodi a.

"Sekirite piblik se premye priyorite mwen, epi mwen fyè ke Bidjè sa bay investisman rekò ak amelyorasyon ki enpòtan nan sistèm jistis la pou fè Nouyòkè yo pi an sekirite," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou asire ke jij yo gen diskresyon yo bezwen an, investi nan estrateji ki fè prèv yo pou konbat vyolans ak zam, epi ranfòse refòm jistis penal yo, n ap itilize chak zouti ki disponib pou nou pou amelyore sekirite nan chak kominote atravè Eta a."

**Diminye vyolans ak zam**

Bidjè Ane Fiskal 2024 la investi **347 milyon dola - yon ogmantasyon 120 milyon dola** pa rapò ak Bidjè Ane Fiskal 2023 a, ki te genyen pi gwo investisman nan finansman nan sekirite piblik nan yon jenerasyon - nan inisyativ prevansyon vyolans ak

zam ki fonde sou prèv. Envestisman ki pote transfòmasyon sa yo enkli, men yo pa limite sèlman a:

- **84.1 milyon dola** pou pwogram travay pou jèn yo, ladan gen **37 milyon dola** ki pou pwogram ki nan jiridiksyon Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam (Gun Involved Violence Elimination, GIVE) yo.
- **70 milyon dola** pou kominote yo reponn ak konsekans vyolans ak zam, ladan yo gen **50 milyon dola** ki pou bezwen kapital kominote a.
- **36.4 milyon dola** pou inisyativ Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam (Gun Involved Violence Elimination, GIVE) la - pi gwo nan listwa Eta New York.
- **31.1 milyon dola** pou rediksyon krim, jistis pou jèn, ak pwogram prevansyon gang.
- **25.9 milyon dola** pou Inite Estabilizasyon Kominotè (Community Stabilization Units, CSU) Lapolis Eta a, ogmante kantite inite sa yo soti nan 16 rive nan 25.
- **25 milyon dola** pou pwogram Sansibilizasyon SNUG Street la.
- **18 milyon dola** pou rezo Sant Analiz kont Krim ki sipòte pa Eta a, ki enkli pou etabli yon nouvo sant nan Vil New York, k ap mete kantite sant yo nan tout eta a 11. Nan finansman sa, 2 milyon dola ap itilize pou krim ak analis done ki konsantre sou entèripsyon distribisyon fentanyl.
- **10 milyon dola** pou aplikasyon lalwa pou sipòte epi mennen investigasyon sou Manda Pwoteksyon Risk Ekstrèm (Extreme Risk Protection Orders, ERPO)
- **7.4 milyon fola** finansman adisyonèl pou tabli yon pwogram Sipèvizyon kont Angajman Vyolan (Supervision Against Violent Engagement, SAVE) pou ogmante repons Eta a fas ak vyolans ak zam pami popilasyon ki nan libète kondisyonèl nan jiridiksyon GIVE yo.

### **Amelyore Lwa sou Kosyon New York yo**

Bidjè Ane Fiskal 2024 la amelyore lwa sou kosyon New York yo lè li bay jij yo pi gwo diskresyon pou fikse kosyon pou krim grav yo ak plis diskresyon pou chwazi kontidyon ki pa monetè ki apwopriye anvan jijman nan tout dosye yo, kèlkeswa deli a. Akò a retire règ ki te egzije jij yo pran desizyon anvan jijman ki baze sou "mwayen ki gen mwens restriksyon" ki nesesè pou asire ke yon akize retounen nan tribinal la. Lè nou elimine règ sa, sa ap restore diskresyon pou pèmèt jij yo konsidere nan fason ki apwopriye tout faktè ki enpòtan yo lè l ap pran desizyon anvan jijman, ki enkli si yon akize gen yon istorik kriminèl pou pa respekte kondisyon tribinal la enpoze yo anvan sa oswa non. Revizyon an ap ogmante tou plis kapate ke jij yo genyen tou pou enpoze manda sekirite ki pi solid pou residivis yo. Lè yo anile ansyen manda a, jij yo ap bay enstriksyon, pou premye fwa, pou enpoze yon manda ki pa sèlman asire ke li retounen nan tribinal la, men tou ki asire li konfòme ak tout kondisyon tribinal yo. Chanjman sa yo ap ede jij yo retire krim vyolan yo nan lari nou yo pandan y ap asire premye baz refòm libète sou kosyon an -- k ap retire tretman ki pini akize ki gen deli nan nivo ki fèb yo -- pou yo pa rete nan sistèm legal nou an.

### **Amelyore efikasite ak efisyans Sistèm Jistis Penal la**

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2024 la genyen ladan l tou finansman pou amelyore efikasite ak efisyans sistèm jistis penal la:

- **170 milyon dola** pou sipòte aplikasyon Refòm Ankèt pou Pwokirè ak Defansè yo, ki enkli **50 milyon dola** kapital pou amelyorasyon teknoloji ankèt yo nan Vil New York.
- **100 milyon dola** èd pou finansman pouwit ak defans atravè Eta a.
- **92 milyon dola** pou konpanse depans konte a ki lye ak ogmantasyon tarif pou peye avoka ki atribye pou reprezante Nouyòkè ki gen revni ki ba yo. Bidjè a ogmante tarif konsèy ki atribye yo a 158 pa èdtan nan tout eta a.
- **31.4 milyon dola** pou altènatif pou pwogram prizon yo.
- **20 milyon dola** pou sèvis anvan pwosè.
- **11.5 milyon dola** pou sèvis re-entegrasyon pou ede moun yo re-entegre nan kominote yo apre yo fin pije santans yo nan prizon.

### **Amelyore sèvis repons ijans nan tout Eta a**

Bidjè Ane Fiskal 2024 la genyen ladan l investisman ak mezi pou amelyore sèvis repons ijans nan tout Eta a, ki enkli:

- **105 milyon dola** pou modènize Sant Operasyon Ijans Eta a (State Emergency Operations Center), ki sèvi kòm pwèn ki santralize nan Eta a kote aktivite preparasyon ak repons ijans yo kowòdone pou tout gwo ijans yo.
- **25 milyon dola** pou bay sibvansyon kapital pou depatman ponpye volontè yo pou konstriksyon, renovasyon, oswa acha enstalasyon ak ekipman.
- **20 milyon dola** pou ede konte yo fè tranzisyon nan 911 Pwochè Jenerasyon an atravè yon rezo kap fiboptik ki ta konekte yon ak yon sèl Pwèn Repons Sèvis Piblik nan chak konte.
- **10 milyon dola** pou bay yon prim ke Eta a finanse bay ponpye ki konplete fòmasyon debaz la.

### **Pwoteje sekirite piblik la**

Bidjè Ane Fiskal 2024 la genyen ladan l:

- **100 milyon dola** pou achte epi renove yon nouvo laboratwa krim pa satelit pou Polis Eta a. Nouvo etablisman sa ap elimine ankonbreman nan Sant Envestigasyon Mediko-Legal la epi bay espas pou inisyatig kont vyolans ak zam yo. Lapolis Eta a genyen twa laboratwa krim satelit aktyèlman nan zòn Albany an.
- **66.7 milyon dola** pou ogmante kantite klas akademi Polis Eta a, k ap mete ajou klas akademi ki te repòte pandan pandemi COVID-19 epi ogmante kantite twoup ki devwe pou abòde krim grav yo.
- **7.4 milyon dola** pou pèmèt Lapolis Eta a rete ajou ak teknoloji nan teknoloji investigasyon kriminel yo, ki enkli sèvis medsin legal dijital ak investigasyon nan sibè krim - bay sipò ki enpòtan a Inite Krim Entènèt Kont Timoun (Internet

Crimes Against Children, ICAC) la pou asire ke yo mennen investigasyon sou krim kont timoun yo konplètman.

- **7 milyon dola** pou tabli yon Sibvansyon Inovasyon Anti-Entanyl, kreye inite ki gen responsablite pou mete fen nan chèn apwovizyonman fentanyl lan nan kominote nou yo epi pou swiv dosye lanmò pa ovèdoz yo.
- **5 milyon dola** pou bay asistans finansye a viktim ak sivivan vyolans domestik yo.

Depi li te antre an fonksyon, Gouvènè Hochul te pran mezi pou ranfòse lwa sou prevansyon sou vyolans ak zam Eta New York yo epi pwoteje sekirite piblik la lè li entèdi zam fantom, chajè ki gen gwo kapasite ak jilè pabal; ogmante elijiblite kosyon pou krim ak zam yo; ogmante laj pou achte zam semi-otomatik a 21 an; epi lanse [Gwoup Travay Ant Plizyè Eta sou Zam Illegal](#) (Interstate Task Force on Illegal Guns) la ki se premye nan nasyon an, ki te rankontre ankò nan mitan mwa mas la, pami lòt inisyativ.

**Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare,** "Pa twonpe sou sa, Bidjè sa ap fè yon bon travay pou fè Nouyòkè yo pi an sekirite. Mwen felisite Gouvènè Hochul, Lidè Majoritè a Stewart-Cousins, ak Prezidan Heastie dèske yo pran mezi enpòtan sa yo pou bay klarite sou kijan jij yo ka itilize pouvwa yo pou ede diminye residivis epi pou ogmante finansman tou pou defansè ak pwokirè distri yo pou yo ka bay jistis pi rapid epi nan fason ki pi jis. Men Bidjè sa abòde tou bezwen pou ogmante aplikasyon mache kanabis legal k ap emèje a. Nou p ap choute balon an, men nou konnen n ap bouje vè liy pou gòl la, epi nou pa ka tann pou konstui siksè ke nou obsève nan Bidjè ane sa."

**Pwokirè Distri Bronx lan, Darcel D. Clark, te deklare,** "Mwen kontan paske Bidjè Gouvènè Hochul la ap ba nou finansman dezespere ki nesèsè pou obligasyon dekouvèt nou yo. Tout pati ki konsène yo dwe pataje enfòmasyon epi finansman sa yo ap ale nan teknoloji pou fè pataj ki transparan. N ap anboche pèsonèl siplemantè tou pou fasilite chaj ki sou pwokirè ki travay twòp nou yo. Mwen kwè ke finansman pou pwogram travay jèn yo vital pou prevansyon krim. Plis kapasite pou jij yo fikse kosyon ap ede pou kenbe sila yo ki menase sekirite piblik la lwen kominote a. M ap kontinye travay pou amelyore sistèm jistis penal la nan tout kote. Chak moun konsène nan sekirite piblik: jistis pou viktim ak ekite pou akize yo."

**Pwokirè Distrik Brooklyn lan Eric Gonzalez te deklare,** "Bidjè sa fè investisman san presedan nan sekirite piblik k ap ede nou kontinye pwogrè nou kont vyolans domestik atravè New York. Mwen felisite Lejislati a ak Gouvènè Hochul pou angajman yo pou finanse pwogram prevansyon vyolans ki esansyèl yo epi dèske yo bay resous ki nesèsè anpil pou sipòte konfòmite deteksyon an."

**Pwokirè Distri Manhattan lan, Alvin L. Bragg te deklare,** "Nou remèsye Gouvènè Hochul Lidè Majoritè a Stewart-Cousins, ak Prezidan Heastie dèske yo alwe finansman siplemantè bay Biwo a, k ap ede abòde chaj ankèt nou yo atravè mizajou teknoloji ak anboch siplemantè. Anplis, investisman enpòtan nan inisyativ prevansyon vyolans ak zam ak swen sante mantal yo demontre apwoch konplè Gouvènè a pou abòde epi

amelyore pwoblèm sekirite piblik la. Nou pa ka tann pou kontinye diskisyon pwodiktif nou yo pou asire ke Vil New York rete gran vil ki pi sekirize nan Amerik la."

**Avoka Distri Queens Ian, Melinda Katz, te deklare,** "Antanke pwokirè k ap goumen ak defi pou konfème ak lwa sou ankèt yo, finansman pou amelyorasyon kapital ak pèsonèl pou ede nan konfòmite a enpòtan anpil. Lè nou elimine langaj 'mwayen ki mwens restriktif' la nan lwa a epi pèmèt jij yo gen plis kapasite pou enpoze kondisyon ki pa monetè, se yon amandman ki byen vini."

**Ajan Espesyal Responsab pou Biwo Alkòl, Tabak, Zam Afe ak Eksplozif la New York la (Bureau of Alcohol, Tobacco, Firearms and Explosives, New York (ATF NYFD), John Devito te deklare,** "ATF NYFD rekonesan anpil pou etap pwoaktif ke Gouvènè Hochul te pran pou abòde krim vyolans ak zam ak trafik zam alafwa isit la nan Eta New York ansanm ak vwazen nou yo nan nòdès la. Lidèchip ak sipò Gouvènè a te esansyèl nan avansman estrateji Ransèyman sou Krim ak Zam ATF la, ki baze sou teknoloji, patenarya epi sa ki pi enpòtan, yon apwoch "gouvènman konplè" pou diminye krim ak zam pi plis. Nou rekonesan tou pou ekip lidè alafwa nan HIDTA aak DCJS yo ki te travay san rete pou reyalize plan aksyon Gouvènè Hochul la pou reye flo zam kriminèl yo, stope moun k ap tire gachèt yo, epi soutni efò pou amelyore sekirite piblik atravè gran Eta sa."

**Direktè Pwogram sou Zòn Trafik Zam Gwo Entansite New York ak New Jersey yo, Chauncey Parker te deklare,** "Rezo Sant Analiz Krim Eta New York la se yon modèl patenarya pataj enfòmasyon sou aplikasyon lalwa nasyonal. Pwogram HIDTA New York/New la gen yon patenarya trè solid ak rezo CAV a depi anpil ane. "Kounye a, gras ak lidèchip ak vizyon Gouvènè Hochul, patenarya nou an fenk vin pi solid toujou. Sant Analiz Krim Vil New York — 11yèm CAC a — ap sèvi antanke yon pon ki enpòtan pou pataje enfòmasyon nan tout rezo CAC Eta a bay patnè fòs lòd yo atravè Eta New York — ak lòt kote."

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)